

KALANDRIYE Aktivite yo

MPO	BPAC	BCCB	CIR	TCC
Jedi 8 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 14 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 19 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 6 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 28 a 2:00 apremidi Sal 302
Jedi 12 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 11 a 6:30 diswa Sal 329 F	Lendi 16 a 2:00 apremidi Sal 422	Madi 3 a 6:00 diswa Sal 430	Lendi 23 a 2:00 apremidi Sal 302
Jedi 10 a 9:30 dimaten Sal 422	Mèkredi 9 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Madi 1 a 6:00 diswa Sal 430	Pa gen reyinyon
Pa gen reyinyon	Mèkredi 13 a 6:30 diswa Sal 329 F	Pa gen reyinyon	Pa gen reyinyon	Lendi 25 a 2:00 apremidi Sal 302

Tout reyinyon yo pral fèt nan adrès sa a: **Governmental Center, 115 S. Andrews Avenue, Fort Lauderdale, epi piblik la envite.**

Akwonim

AADT Mwayenn Trafik pou Chak Jou nan Lane a	FHWA Administrasyon Federal pou Granwout
APTA Asosyasyon Transpò Piblik nan Etazini	FS Règleman nan Florid
BCCB Konsèy Kowòdinasyon nan Broward County	FTA Administrasyon Federal pou Transpò
BCT Transpò nan Broward County	FY Lane Fiskal
BPAC Komite Konsèy sou Kesyon Pyeton ak Bisiklèt	GIS Sistèm Enfòmasyon Jeyografik
CAAA Amanman pou Lwa sou Pwòpte nan Lè a	LRTM Plan Transpò pou Lontan
CBD Distrik Santral pou Komès	MPO Òganizasyon Planifikasyon Metwopoliten
CMA Kontwòl Anbouteyaj	SAFETEA-LU
CIR Tab Wonn pou Patipasyon nan Kominote	Lwa sou Ekite pou Transpò san Danje, ki pran Responsablite, ki Fleksib, epi ki Efikas - Yon Eritaj pou Itilizatè yo
DCA Depatman pou Okipe Zafè Kominote	SEFTC Komisyon sou Transpò nan Sidès Florid
DRI Devlopman Enpak Rejyonal	SFRTA Ajans Tranpò Rejyonal nan Sid Florid
EIS Deklarasyon sou Enpak nan Anviwonman	SIS Sistèm Entèmòdal Estratejik
EPA Ajans pou Pwoteksyon Anviwonman	TCC Komite pou Kowòdinasyon Teknik
FAA Direksyon Federal Avyasyon	TIP Pwogram pou Amelyorasyon Transpò
FAC Kòd Administratif pou Florid	UPRD Depatman Planifikasyon ak Redevlopman pou Vil
FCTD Komisyon nan Florid pou Transpò Moun ki pa gen Lajan	
FDOT Depatman Transpò Florid	

Pou plis enfòmasyon, ale nan sit entènèt:

www.broward.org/mpo

Pou mande enfòmasyon sou jan ou kapab vin yon manm nan Komite pou Kowòdinasyon Teknik la [Technical Coordinating Committee], oswa nan Tab Wonn pou Patipasyon nan Kominote a [Community Involvement Roundtable], rele nan nimewo 954-357-6608.

Ou kapab mande piblikasyon sa a nan fòm an gwo lèt, oswa sou kasèt odyo, oswa enprime an karaktè bray.

Pou pibliye dokiman sa a, sa te koute \$1,400.00, sa ki vle di \$.467 pou chak kopi an kontan lajan lapòs, pou bay enfòmasyon sou sèvis ak pwogram Broward MPO yo.

Broward Metropolitan Planning Organization
115 S. Andrews Avenue, Room 329H
Fort Lauderdale, FL 33301

CHIMEN DEKOUBE

VOLIM 10, Nimewo 15

Premye Trimès 2008

SEFTC ÒGANIZE YON REYINYON POU FINANSMAN TRANSPÒ REJYONAL



Misyè Randy Whitfield, Direktè MPO Palm Beach la, Misyè Roger Del Rio, Direktè Egzekitif MPO Broward la, epi Misyè Jose Luis Mesa, Ph.D., pou MPO nan Miami-Dade la, Direktè Sekretarya.

Nan dat 14 mas 2008, te gen plis pase 60 pwofesyonèl transpò, ansanm ak lòt moun nan piblik la, ki te vini nan premye Reyinyon Somè pou Finansman Konsèy sou Transpò pou Sidès Florid la (SEFTC, ki vle di Southeast Florida Transportation Council); rezon reyinyon sa a, se te pou analize plizyè kesyon sou transpò nan zòn twa minisipalite yo.

Reyinyon sa a te fèt nan Broward County Governmental Center, nan Fort Lauderdale a 2:00 apremidi. Majistra Richard J. Kaplan, ki se chèmann SEFTC ak manm nan Konsèy Administrasyon Broward MPO a, te pwononse alokasyon ouvèti a.

Yo te mete yon enpòtans espesyal sou pwoblèm finansman nou genyen nan rejyon nou an. Nan pami kesyon yo te pale yo, te gen finansman sichaj pou lokasyon oto a, bezwen transpò nan koridò ki sou bò lès Florid la, epi finansman ak pwosedi finansman Depatman Transpò Florid la (FDOT).



Misyè Joe Giulietti, Direktè Egzekitif South Florida Regional Transportation Authority, ap pale nan mikwo a.

Nan pami moun ki te la yo, te genyen reprezantan MPO nan Miami-Dade, Broward, Palm Beach, ak Martin yo, ak reprezantan FDOT, South Florida Regional Transportation Authority (SFRTA), Konsèy Planifikasyon Rejyonal Sid Florida ak Treasure Coast yo, epi kèk lòt ajans transpò.

Yo te fonde SEFTC a pou l sèvi tankou yon fowòm fòmèl pou kowòdone politik yo ak pou ede nan kominikasyon, pou yo te ka rive egzekite inisyativ rejyonal MPO nan konte Broward, Miami-Dade, ak Palm Beach yo te deside pou yo fè. Pou plis enfòmasyon sou SEFTC a, ou mèt ale nan sit entènèt <http://www.miamidade.gov/mpo/seftc/home.htm>.



Gen anpil ajans transpò, ansanm ak moun nan piblik la, ki te vini nan reyinyon somè pou Finansman Transpò Rejyonal 2008 SEFTC la.

Nan Nimewo Sa a...

- Jounen Pines 2008 nan Pembroke Pines
- Mesaj Chèmann Ian Voye
- Broward MPO investi nan yon etid pilòt sou teren pou transpò ki sèvi pou plizyè objektif
- Yon pa anplis nan direksyon Otowout ki Montre Bèl Peyizaj pou State Road A1A
- Èske Ou te Konnen?...
- Gardenfest

“METE L NAN LARI A”

Jounen Pines 2008 nan Pembroke Pines

Samdi 19 janvyè, Vil Pembroke Pines la te òganize Jounen Pines 2008 la pou fete 48yèm anivèsè fondasyon l. Yo te fete Jounen Pines 2008 la sou teren festival nan Pines Recreation Center la, ki nan adrès 7400 Pines Boulevard. Nan fèt sa a, te genyen monte nan kabwèt, gade kloun k ap fè komik, mizisyen ki vin jwe, epi aktivite pou fanmi pran plezi yo.

MPO Broward la te pote enfòmasyon pou montre piblik la pwosedi planifikasyon pou transpò, epi pou fè yon sondaj nan piblik la. Tè gen yon total 104 moun ki te patisipe nan sondaj la pandan tout jounen an.

Nan moun ki te patisipe nan sondaj la, 39 pousan te deklare pi gwo pwoblèm yo genyen, se fasilite pou sèvi ak bisiklèt, epi 37 pousan te di pi gwo pwoblèm yo, se anbouteyaj. Lòt pwoblèm moun yo te rapòte, se sekirite ak chimen pou pyeton.



John Ramos, ki se yon anplwaye nan Broward MPO, te fè tout sa li kapab pou reponn kesyon sou planifikasyon transpò ak fè sondaj nan pami vizitè yo.




MESAJ CHÈMANN LAN VOYE

Daniel J. Stermer,
Chèmann MPO,
Komisè,
Vil Weston

Broward MPO pran dispozisyon tout bon pou l kenbe relasyon rejyonal solid avèk òganizasyon ki okipe transpò nan zòn lan, tankou konte ki tou pre nou yo, ansanm ak Florida Department of Transportation (FDOT), South Florida Regional Transportation Authority (SFRTA), epi lòt ajans pou transpò ak planifikasyon. Kòm gen plis moun k ap kontinye vini nan zòn twa-konte a, gen plis enpòtans toujou nan plan rejyonal yo, ak nan pwogram ki sèvi pou mete kominote nou yo anfòm.

BROWARD MPO ENVESTI NAN ETID PILÒT SOU TEREN POU TRANSPÒ KI SÈVI POU PLIZYÈ OBJEKTIF



Koridò ki gen anpil sikilasyon, tankou pati Broward Boulva ki parèt la a, se yon bèl opòtinite pou relanse konstriksyon transpò ak lojman nan Broward County.

Nan mwa oktòb ki pase a, Broward MPO te mete ansanm ak Broward County Commission, pou òganize yon atelye pou pale sou pwosedi Broward MPO yo, ak sou kesyon transpò. SEFTC (Southeast Florida Transportation Council) te òganize yon rankont ant prensipal responsab yo, kote yo te pale sou pwoblèm finansman pou transpò nou genyen nan rejyon an. Gen plis enfòmasyon sou rankont lan, nan bilten nouvel sa a. Se toujou an rapò ak rejyon an pwosesis planifikasyon transpò a pral kontinye etidye bezwen Sid Florid yo, ak bezwen kominote kote nou viv, nou travay, ak pran plezi nou yo.

An septanm 2006, Divizyon Planifikasyon Sèvis nan Broward County a te fè aplikasyon epi li te resevwa 75 000 dola pou yon Etid Pilòt Kominotè, pou l pare yon pwogram pou devlopman teren pou transpò ki sèvi pou plizyè objektiv, sou kote ki gen State Road 7 la (I-595 pou ale nan Peters Road/David Boulevard) ak Broward Boulevard (I-95 pou ale State Road 7).

Pwogram Etid Pilòt Kominotè MPO a ap finanse sèvis gouvènman ak ajans lokal k ap fè, oubyen ki vle fè etid sou transpò ki kapab gen enpak sou sistèm rejyonal la. Envestisman sa a soti nan Fon Planifikasyon Federal MPO yo.

Pwogram sa a, ki rele THOR (Transit/Housing Oriented Redevelopment) ap analize 2 zòn pou yo fè etid nan Broward County. Premye zòn lan, se koridò ki mezire 1 mil, ki soti nan I-595 pou rive nan Peters Road/Davie Boulevard la. Dezyèm zòn lan, se koridò ki mezire 2 mil, ki kouri sou Broward Boulevard depi I-95 pou rive nan State Road 7 la. Nan chak zòn sa yo, gen koridò ki nan zòn Broward County ki pa enkòpore, epi ki travèse fwontyè plizyè minisipalite. Nan pami vil ak vilaj ki nan 2 etid sa yo, nou ka nonmen Fort Lauderdale, Lauderhill, Plantation, ak Davie.

Avèk pwogram THOR la, konte a ap franchi etap pou ede pwojè a devlope nan yon jan ki pwoteje ak amelyore kalite lavi pou rezidan yo. Pou plis enfòmasyon sou pwogram pilòt enteresan sa a, epi pou gade kouman ou kapab patisipe, ou mèt ale nan sit entènèt <http://www.broward.org/planningservices/thor.htm>.

YON PA ANPLIS NAN DIREKSYON OTOWOUT KI MONTRE BÈL PEYIZAJ DEZIYASYON STATE ROAD A1A

Madi 17 avril, anplwaye nan Broward MPO yo, ansanm ak moun ki travay nan Depatman Transpò Florid la (FDOT) te fè yon reyinyon enpòtan sou State Road A1A ak sou deziyasyon piblik li nan Pwogram Otowout ki Montre Bèl Peyizaj nan Eta a. Broward County, FDOT, komès lokal yo, asosyasyon sivik yo, ansanm ak rezidan yo ak minisipalite yo mache konte pou fonde yon òganizasyon k ap administre Koridò Otowout Broward A1A ki Montre Bèl Peyizaj la (BASHME).

Reyinyon an te fèt nan Lotèl Kominal Vil Lauderdale-By-the-Sea a, epi te gen plis pase 40 rezidan ki te vin patisipe; yo te soti nan plis pase 15 minisipalite nan konte a.

Moun ki te dirije reyinyon an, se Misye John Rude, ki se chèmann Broward MPO's Community Involvement Roundtable ak Madan Christine Heshmati, ki se direktis Seksyon Pwogram MPO a. Te gen reprezantan FDOT a ki te la tou, pou ede moun ki t ap dirije reyinyon an reponn kesyon nan pati kesyon ak repons ki te nan pwogram reyinyon an. Gen yon sondaj rapid yo te fè tou, pandan reyinyon an.



Madan Beatriz Caicedo-Maddison, ki travay nan FDOT District IV, te bay prezizyon pou kesyon moun nan piblik la ak patisipan nan fouòm lan te poze.



Nan pami moun ki te vini nan atelye Scenic Highway A1A a, te gen moun ki soti nan plis pase 15 minisipalite nan Broward County.



Madan Christine Heshmati ak Misye John Rude te dirije atelye enpòtan sa a.



Roseann Minnet, ki se majistra Vil Lauderdale-by-the-Sea, te fè kèk bon remak sou tout sa minisipalite yo bezwen pou yo kapab patisipe aktivman nan deziyasyon otowout ki montre bèl peyizaj la.

“METE L NAN LARI A”



Moun nan piblik la te jwenn yon tan, pandan Garden Fest 2008 la, pou yo te pale ak anplwaye MPO Broward yo sou kesyon transpò ki te enpòtan pou yo.

Gardenfest

Samdi 29 mas, Garden Club of Coral Springs te òganize premye Gardenfest li janm fè nan Riverside Park. Yo te òganize Gardenfest 2008 la pou pèmèt moun ki renmen travay tanzantan nan jaden wè yon gwo varyete bèl òkide, plant nan zòn lan, bèl foujè ki ra, wozye, palmye, fwi ki gen bon gou, ak anpil lòt kalite flè. Gen lòt vandè ki te pote bèl potafè, fontenn, ak travay atis fè pou vann pou moun dekore jaden lakay yo. Te genyen tou anpil ekspè ki te la, tankou ekspè jadinnye, administratè jaden botanik, ak mèt pepinyè.

Ekip MPO Broward la te vini, pou reponn kesyon vizitè yo sou kesyon transpò nan kominote a, ak kesyon mobilite rejyonal. Gen yon sondaj ki te fèt avèk plis pase 40 nan vizitè yo. Nan moun ki te patisipe nan sondaj la, 50 pousan te deklare pi gwo pwoblèm yo genyen nan sikilasyon, se anbouteyaj. Lòt pwoblèm yo te di yo genyen, se bezwen konte a genyen pou yon pi bon sistèm transpò kolektif. Moun ki te patisipe nan sondaj la te deklare tou, otobis yo pa vin pran pasajè ase souvan.

